# julli gi gën a diis ci naaféq yi mooy jullig gee ak jullig fajar, te bu ñu xamoon li nekk ci ñoom ñaar kon danañu ko teewe donte dañuy raam

Jële nañu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne : Yónente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: «julli gi gën a diis ci naaféq yi mooy jullig gee ak jullig fajar, te bu ñu xamoon li nekk ci ñoom ñaar kon danañu ko teewe donte dañuy raam, doon naa yittewoo digle ñu taxawal julli, ma digal benn waay mu jiite nit ñi, ma ànd ak ay góor ñu yor ay matti sawara, nu dem ci nit yi dul teewe julli gi, taal séen kër ya ca séen kaw».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day wane naaféq yi ak séenug tàyyeel ci teewe julli, rawati na jullig gee ak fajar, ak ne ñoom bu ñu xamoon dayob pay ak yool bi nekk ci teewe ko ànd ak mbooloom jullit ñi kon danañu ko teewe donte dañuy raam ni xale bi di raame ci ay loxoom ak i wóomam. . Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- dafa dogu ci digle ñu taxawal julli, mu jiital jenn waay mu wuutu ko jiite nit ñi, mu ànd ak ñu yor ay matti sawara dem ca ña dul teewe jullig mbooloo ma mu làkk séen kër ya ca séen kaw; ndax bàkkaar ya ñu def dafa tar, -waaye defu ko- ndax jigéen ña ca kër ya ak xale ya ak ña deful dara niki ñi am ngànt, te defuñu bàkkaar.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee